Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

BAYMURAT QUTLÍMURATOV,
GÚLSARA QUTLÍMURATOVA

# ANA TILI

GRAMMATIKA, ORFOGRAFIYA HÁM TIL ÓSIRIW

BIRINSHI KLASS USHÍN SABAQLÍQ

Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan

Qayta islengen jigirma birinshi basılımı

NÓKIS
«BILIM»
2019

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK 630064 (076)
KBK 81. 02
Q — 92

Sabaqlıq Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2002-jılǵı tańlawında jeńimpaz dep tanılǵan.

Q — 92 **Baymurat Qutlımuratov, Gúlsara Qutlımuratova.**
**Ana tili.** Grammatika, orfografiya hám til ósiriw. 1-klass ushın sabaqlıq. Qayta islengen jigirma birinshi basılımı. — Nókis, «Bilim», 2019 jıl. — 112 bet.

**UOK 630064 (076)**
**KBK 81. 02**

**Mámleketlik byudjet qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı. Biypul.**

© **B. Qutlımuratov,**
**G. Qutlımuratova.**
© **«Sharq», 2019.**
© **«Bilim» baspası, 2019.**

**ISBN 978-9943-4446-0-7**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# § 1. Gáp, sóz

**1-shınıǵıw.** Dawıslap oqıń.

**Qıs** boldı. **Kún** suwıttı. Bizler **muzda** oynadıq. Oqıwshılar mektepke keldi. **Klasımız** taza.

1. Hárbir gáp kim hám ne haqqında aytılǵan?
2. Hárbir gápte neshe sóz bar?
3. Gáplerdi kóshirip jazıń.

**2-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Tań attı. Quyash shıqtı. Kún jıllı. **Balalar mektepke ketti**. **Adamlar jumısqa ketti**.

1. Gáplerdi kóshirip jazıń.
2. Qara hárip penen jazılǵan gápler kimler tuwralı aytılǵan?
3. Hárbir gápte neshe sóz bar?

**3-shınıǵıw.** Gáplerdegi hárbir sózdi dawıslap oqıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Men jazıw jazdım. Úkem tapsırma orınladı. Sara kitap oqıdı. Apam awqat pisirdi. Hámmemiz birge awqatlandıq.

1. Gúrrińde neshe gáp bar?
2. **Kitap, awqat** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.
3. Hárbir gápte neshe sóz bar?

Gáp tamamlanǵan oydı bildiredi. Gáp bir sózden de, birneshe sózlerden de quraladı. **Gúz. Kún suwıttı. Qattı samal esti.**

**4-shınıǵıw.** 5-bettegi súwretlerge qarap, olardıń atların aytıń.

1. Súwretlerdiń atların tártibi menen kóshirip jazıń.
2. Joqarǵı qatardaǵı súwretlerde kimniń ne islep atırǵanın sóylep beriń.
3. Tómengi qatardaǵı súwrette nelerdi kórip tursız.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# I. Bul kim?



Ol ne islep atır?



# II. Bul ne?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**5-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp kóshiriń.

1. Samal ... . 2. Shań ... . 3. Bizler úyge ... . 4. Hámmemiz ... .

**Kerekli sózler:** kóterildi, esti, juwındıq, kirdik.

1. Gáplerdiń aqırına noqat qoyıń.
2. Gáplerdiń birinshi sózi qanday háripten baslanıp jazılǵan?
3. Hárbir gáp neshe sózden quralǵan?

Gáptiń aqırına **noqat** qoyıladı. Gáptiń birinshi sózi **bas háripten** baslanıp jazıladı.

**6-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, gáplerdi oqıń.

... qaǵıldı. ... klasqa kirdik. ... baslandı.

**Kerekli sózler:** bizler, sabaq, qońıraw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Gáplerdi noqatlar ornına qoyılǵan sózler menen birge kóshirip jazıń.
2. Hárbir gápte neshe sóz bar ekenin aytıp beriń.

**7-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıp shıǵıń.

Klasımız jaqtılı. Ishi keń. Tereze aldına gúller qoyılǵan. Klasta parta, shkaf, stol, stullar bar. Mektepte asxana bar, onıń ishi taza.

1. Gúrrińniń mazmunın sóylep beriń.
2. Gáplerdiń birinshi sózi qanday hárip-ten baslanıp jazılǵan?
3. Hárbir gápte neshe sóz bar?

**8-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń.

Polat oqıwǵa ketti. Gúlparshın apasına járdemlesti. Mekteptiń dógeregine terekler egilgen.

1. Gáplerdegi sózler bólek jazılǵan ba, qosılıp jazılǵan ba?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Hárbir gáp kim hám ne haqqında aytılǵan?
3. Gáplerdiń dáslepki sózi qanday háripten baslanıp jazılǵan?

**9-shınıǵıw.** Súwretlerden kimniń ne islep atırǵanın sorawlar boyınsha aytıń.

1. Bala ne islep atır?
2. Qızlar ne islep atır?



Gáptegi hárbir sóz bólek jazıladı. **Gúlsara xat jazdı. Asan kitap oqıdı.**

**10-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Asan birinshi klasta oqıydı. Men de birinshi klasta oqıyman. Ekewimiz birge sabaq tayarlaymız.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Hárbir gápte neshe sóz bar?
2. Gáptegi sózler qalay jazılǵan?
3. Gáplerdi kóshirip jazıń.

## § 2. Ses hám hárip

**1-shınıǵıw.** Súwretlerdiń atların oqıń hám kóshirip jazıń.



Qozı



İlaq

Qozı hám ılaq sózlerinde neshe hárip, neshe ses bar?

*Tay. Qapı. Áynek. Dáliz.*
*Morı. Tútin. Qoy. Tas.*

Joqarıdaǵı sózlerdi kóshirip jazıń.

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Seslerdi aytamız, esitemiz. Seslerdi jazıwda háripler menen belgileymiz.

**2-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdi oqıń.

Tis. Til. Murın. Kóz. Bet.
Qol. Qulaq.

1. Kóshirip jazıń.
2. Bul jazılǵan hárbir sózde neshe ses bar?

**3-shınıǵıw.** Súwretlerdiń tómenindegi sózlerdi oqıń hám kóshirip jazıń.



Kitap



Qálem




Dápter

1. **Kitap** degen sózde neshe hárip bar? Bul sózde qanday háripler bar?

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. **Qálem** degen sózde neshe hárip bar? Bul sózde qanday háripler bar?
3. **Dápter** degen sózde neshe hárip bar? Bul sózde qanday háripler bar?

Háriplerdi jazamız hám oqıymız.

**4-shınıǵıw.** Sózlerdi kóshirip jazıń.

Aǵa — apa, ata — ana, qálem — sálem, kóz — sóz, tabaq — sabaq, paxta — taxta, kún — tún, qala — dala.

1. Hárbir sózde neshe hárip bar?
2. Bul sózlerdiń mánisin ózgertip turǵan háriplerdi aytıp beriń.

Sózdiń bir háribi ózgerse, mánisi ózgeredi: **mal — tal, bas — tas.**

**5-shınıǵıw.** Berilgen sózlerdi oqıń.

Tam — tal, qar — shar, bas — bes, stol — stul, oyna — oyla, paxta — parta.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Sózlerdiń mánisin bir-birinen ózgertip turǵan háriplerdi aytıp beriń hám astın sızıń.
2. Sózlerdi kóshirip jazıń.

**6-shınıǵıw.** Súwretlerdiń atların aytıń, onnan soń tiyisli háriplerdi qoyıp jazıń.



...ana



...ana

**7-shınıǵıw.** Tómendegi 1—2—3 sanlarınıń ornına **a, o, e** háripleriniń tiyislisin qoyıp, kóshirip jazıń.

1 ← ǵa, na, pa

2 ← shaq, taq, raq

3 ← tik, lek, tek

**8-shınıǵıw.** 13-bette berilgen sózlerdegi **t** háribiniń ornına **s** háribin, **m** háribiniń ornına **j** háribin qoyıp, kóshirip jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tana — s..., taspa — s..., taban — s..., mol—j..., mala—j..., murt—j... .

**9-shınıǵıw.** Berilgen sózlerdi kóshirip jazıń hám bir-birine salıstırıp oqıń. Sózlerge qanday háripler qosılǵanın aytıń.

Bur—bura, qur—qura, qal—qala, or—ora, til—tile, ot—ota.

1. Hárbir sózde neshe hárip bar?
2. Bul sózlerdiń mánilerin bir-birinen ajıratıń.
3. Sóz mánisin ózgertip turǵan háriplerdiń astın sızıń.

**10-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdi bir-birine salıstırıp oqıń. Keyingi sózlerde qanday hárip alıp taslanǵan?

Gúrek — gúre, taraq — tara, soraw — sora, sóylew — sóyle, boyaw — boya, tolıq — tolı, oraq — ora, tósek — tóse, jamaw — jama.

1. Hárbir sózde neshe hárip bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Muǵallimińiz járdeminde sózlerdiń mánilerin bilip alıń.

## § 3. Dawıslı hám dawıssız sesler

**1-shınıǵıw.** Súwretlerdiń atın oqıń.



Qoyan



Úyrek

1. Sózlerdi kóshirip jazıń.
2. Hárbir sózdegi dawıslı seslerdiń astın sızıń.

Dawıslı sesler tómendegi háripler menen belgilenedi: **a, á, e, o, ó, u, ú, ı, i**.

**2-shınıǵıw.** Gápti oqıp shıǵıń.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Dápter hám kitaplarıńızdı taza uslań!*

1. Hárbir sózdegi dawıslı seslerdi aytıń.
2. Gáptegi sózlerde dawıslı seslerdiń qaysıları joq?

**3-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Bizler azanda erte turdıq. Dene shınıqtırdıq. Juwındıq. Tislerimizdi tazaladıq. Kún shıqtı. Quyash tawlardıń arasınan kóterildi. Búgin hawa rayı jıllı boldı.

1. Gáplerdi kóshirip jazıń.
2. Dawıslı seslerdiń astın sızıń.

**4-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli háriplerdi tawıp qoyıń hám sózlerdi kóshirip jazıń.

G...shir, p...yaz, j...zim, q...yar, q...wın, kap...sta, er...k, ǵarb...z, alm...rt.

**Úlgi:** piyaz.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Sózlerdi oqıp shıǵıń.
2. Dawıslı seslerdiń astın sızıń.

Dawıslı sesler buwın jasaydı. **Ba-la-lar, mek-tep, sa-lı, gún-ji, lo-bı-ya, qa-la.**

**5-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, oqıp beriń.

Qıs boldı. ... suwıttı. ... jawdı. Bizler ... kiyindik. Klasımız ... .

**Kerekli sózler:** kún, qar, jıllı, taza.

1. Gáplerdi kóp noqat ornına qoyılǵan sózler menen kóshiriń.
2. **Qıs, bizler, kitap** degen sózlerde neshe dawıslı ses bar?

**6-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń.

Arpa, biyday, paxta, jońıshqa, salı, sulı, júweri, tarı, gúnji, másh, lobıya.

1. Sózlerdi kóshiriń.
2. Sózlerdegi dawıslı seslerdiń astın sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Shınıǵıwdaǵı **júweri, gúnji, lobıya sóz-lerinıń** jazılıwın bilip alıń.

Dawıssız sesler tómendegi háripler menen belgilenedi: **b, d, f, g, ǵ, h, x, j, k, q, l, m, n, ń, p, r, s, t, v, w, y, z, c, ch, sh.**

**7-shınıǵıw.** Oqıń.

**Biziń xojalıǵımız** paxta egedi. Xojalıq-ta hár túrli **mashinalar** bar. Diyqanlar jumıstı **jaqsı** isleydi. **Xojalıǵımız** hár jılı **paxtadan** mol zúráát aladı.

1. Kóshirip jazıń.
2. Qara hárip penen jazılǵan sózlerdegi dawıssız seslerdiń astın sızıń.

**8-shınıǵıw.** Súwretlerdegi zatlardıń atların reti menen oqıp shıǵıń.




Sızǵısh



Óshirgish



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Hárbir sózdegi dawıslı hám dawıssız seslerdi aytıp beriń.

Dawıssız sesler buwın jasamaydı.

**9-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp, sheshimin tabıń, kóshiriń.



Bir qarasań kóreseń,
Tazalıqtı bileseń.

Hárbir sózdegi dawıssız seslerdi aytıń hám astın sızıń.

**10-shınıǵıw.** Súwretlerdiń tómenindegi gáplerdi oqıń.



Ayjamal kiyinip atır.



Orazbay etigin tazalap atır.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Gáplerdi kóshiriń.
2. Dawıssız seslerdiń astın sızıń.

**11-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli háriplerdi tawıp qoyıń. Gáplerdi kóshirip jazıń.

Mektep...e kitapxa...a bar. Onda qızıq-l... kita...lar kóp. Oqı...shılar kitapxa...adan kitap alıp oqıy...ı.

## § 4. Juwan hám jińishke dawıslı sesler

**1-shınıǵıw.** Súwrettegi zatlardıń atların aytıń.



televizor



telefon



radio

1. Sózlerdi kóshirip jazıń.
2. Sózlerdegi dawıslı seslerdiń astın sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. **Telefon, televizor, radio** degen sózlerdiń jazılıwın anıqlap bilip alıń.

Juwan dawıslı sesler: **a, o, u, ı.**
Jińishke dawıslı sesler: **á, e, ó, ú, i.**

**2-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, gáplerdi kóshiriń.

... ádepli oqıwshı. Ol berilgen tapsırmanı ..., sabaqtan qalmaydı. Barlıq sabaǵınan ... oqıydı. Úkesin jubatadı, tawıqqa ... saladı. Buzawǵa ... beredi.

**Kerekli sózler:** dán, Amangúl, jaqsı, orınlaydı, suw.

Juwan dawıslı sesleri bar sózlerdiń astın sızıń.

Juwan dawıslı sesler juwan buwın jasaydı. **A-man-gúl — ádepli o-qıw-shı.**

**3-shınıǵıw.** Sózlerdi kóshirip, jińishke dawıslı seslerdiń astın sızıń.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qoyan, qoy, qozı, túye, pıshıq, úyrek, buzaw, ılaq, sıyır, eshki, kúshik, gójek, tayınshaq.

**4-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń hám kóshirip jazıń.

Áwezdiń aǵası awılda traktorshı. Anası emlewxanada shıpaker. **Áwez birinshi klasta oqıydı**. Ol úlgili oqıwshı.

Qara hárip penen jazılǵan sózlerdegi jińishke dawıslılardı aytıń.

**5-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, gáplerdi kóshiriń.

Biziń klasta 25 oqıwshı ... . Hámmesi de jaqsı ... . Barlıǵında kitap, ... , ... , ruchka bar.

**Kerekli sózler:** bar, oqıydı, dápter, qálem.

Jińishke dawıslı sesleri bar sózlerdiń astın sızıń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**6-shınıǵıw.** Súwretlerdiń tómenine jazılǵan sózlerdegi kóp noqattıń ornına tiyisli háriplerin qoyıp, kóshirip jazıń.



kúsh...k



kept...r

**7-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdegi **a** háribiniń ornına **á** háribin, **o** háribiniń ornına **ó** háribin qoyıp, kóshirip jazıń hám ayırmashılıǵın aytıń.

San—s...n, soz—s...z, tol—t...l.
Bol—b...l, ot—...t, tor—t...r.

**Úlgi:** san—sán, ot—ót.

Jińishke dawıslı sesler jińishke buwın jasaydı. **E-tik, te-rek.**

**8-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdegi **u** háribiniń ornına **ú** háribin, **ı** háribiniń ornına



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**i** háribin qoyıp, kóshirip jazıń hám ayırmashılıǵın aytıń.

Duz — d...z, tur — t...r, sur — s...r, un — ...n, ush — ...sh.
Jutın — t...tin, tıs — t...s, sız — s...z, ıs — ...s, qır — k...r

**Úlgi:** duz—dúz, un—ún, tıs—tis.

## § 5. Buwın

**1-shınıǵıw.** Súwrettegi zatlardıń atların buwınǵa bólingen túrinde oqıń.



qay-shı



bal-ta



shók-kish

1. Hárbir sózde neshe buwın bar?
2. Hárbir buwında neshe dawıslı ses bar?

Sózler buwınlarǵa bólinedi: **kep-ter, qar-lı-ǵash, úy-rek**.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdi buwınǵa bólingen túrinde kóshiriń.

Ba-la, pax-ta, da-la, sa-lı, jo-ńısh-qa, te-le-fon, to-ǵay.

1. Hárbir sózde neshe buwın bar ekenin aytıń.
2. **Telefon** sóziniń jazılıwın bilip alıń.

**3-shınıǵıw.** Tómendegi buwınlardan sóz qurań hám kóshirip jazıń.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | ra | | lıq | úy | |
| ta | raq | ba | la | te | rek |
| | na | | xıt | jú | |

Hárbir buwında tek bir dawıslı ses boladı, dawıssız ses birew yamasa onnan da kóp bola beredi. **Kitap, óshirgish.**

**4-shınıǵıw.** Qosıqtı buwınǵa bólip oqıń. Hárbir sózde neshe dawıslı sestiń bar ekenin aytıp beriń.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kóshelerdiń ortasında oynama,
Mashinanı aydawshını qıynama.
Bir mashina kórinse de uzaqta,
Onnan burın ótemen dep oylama.

*S. Abbazov.*

**5-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdi buwınǵa bólip kóshirip jazıń.

Kese, qasıq, sháynek, geshir, pomidor, júzim, erik, alma, piyaz.

1. Hárbir buwında neshe dawıslı ses bar ekenin anıqlań hám olardıń astın sızıń.
2. **Sháynek, pomidor** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

**6-shınıǵıw.** Berilgen jumbaqtı oqıń, sheshimin tabıń.

Unatqan súyip hár kisi,
Júredi alıp qasına.
Sebebi, onıń hár tisi,
Paydalı adam basına.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Jumbaqtıń sheshimin bildirgen sózdi buwınǵa bólip, kóshirip jazıń.
2. Hárbir buwındaǵı dawıslı sestiń astın sızıń.
3. **Paydalı, júredi** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

**7-shınıǵıw.** Tómendegi berilgen sózlerdi buwınǵa bólip oqıń.

Paxta, salı, bilim, traktor, qoraz, taxta.

Buwınǵa bólip oqıǵan sózlerińizdi jazıń.

Sóz bir hám onnan da kóp buwınlardan qurala beredi: **qol, qıs, al, jaz, ke-me, te-mir, ba-lıq-shı, o-qıw-shı-lar.**

**8-shınıǵıw.** Berilgen sózlerdi oqıń.

Túlki, saǵal, qasqır, jolbarıs, arıslan, suwın, kiyik, qırǵawıl, qarlıǵash, ǵaz, ópepek, shımshıq, ǵarǵa.

Dáslep bir buwınlı, onnan keyin eki hám úsh buwınlı sózlerdi kóshiriń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## § 6. Ótkerme

**1-shınıǵıw.** Sózlerdi berilgen izbe-izlikte kóshirip jazıń.

Paro-xod, pa-roxod. Qı-zıqlı, qı-zıqlı. Jaq-sılıq, jaq-sı-lıq. Qala-lıq, qa-lalıq. Pada-shı, pa-dashı.

Bul sózlerdi bir qatardan ekinshi qatarǵa qalay ótkeriwge bolatuǵının anıqlań.

Sózdiń bir qatarǵa sıymay qalǵan bólegi ekinshi qatarǵa buwınǵa bólinip ótkeriledi: **Ustaxa-na, usta-xana, us-taxana**. Buwındı ótkergende dáslepki qatarda qalǵan sózdiń bóleginen keyin **defis (-)** qoyıladı.

**2-shınıǵıw.** Berilgen sózlerdi oqıp shıǵıń.

Jer, tarı, salı, arpa, biyday, másh, gúz, jaz, qıs, báhár, gósh, sút, qatıq, qaymaq.

1. Ótkermelewge bolatuǵın sózlerdi kóshirip jazıń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Qalǵan sózlerdiń ne ushın ótkermelewge bolmaytuǵının aytıp beriń.

Bir háripten turǵan buwındı jeke qaldırıwǵa yamasa ekinshi qatarǵa ótkermelewge bolmaydı. **A-ta, a-la, a-na, a-nar, á-det.**

**3-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń.

Dárigúl **kitapların** taza uslaydı. Kiyimlerine kir **juqtırmaydı**. Ol puqta hám **ádepli** qız.

Qara hárip penen jazılǵan sózlerdi buwınǵa bólip kóshirip jazıń.

**4-shınıǵıw.** Súwretlerdiń atların tabıń hám jazıń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ótkermelep jazıwǵa bolatuǵın sózlerdi bir bólek, ótkermelep jazıwǵa bolmaytuǵın sózlerdi bir bólek jazıń.

**5-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıp shıǵıń.

## GÚLLENGEN AWÍL

**Biziń awıl qaladan onsha uzaq emes**. Awılda mektep, emlewxana hám mádeniyat sarayı bar. **Saranıń aǵası emlewxanada shıpaker bolıp isleydi**. Mádeniyat sarayında ustazlar menen ushırasıwlar bolıp turadı.

1. Qara hárip penen jazılǵan gáplerdi buwınǵa bólip, kóshirip jazıń.
2. **Shıpaker, emlewxana** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

**6-shınıǵıw.** Oqıp, sheshimin tabıń.

**Temir** kózli suw bulaq,
Jónsiz **aqpas** bul biraq.
Tolıp **qalar** shelegiń
Jiberseń awzın bir **burap**.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qara hárip penen jazılǵan sózlerdi qalay ótkermelewge bolatuǵının defis qoyıp kóshiriń.

**7-shınıǵıw.** Oqıp shıǵıń.

Balıq, suw, mektep, kól, shóp, mal, ot, qala, toǵay, taw, dárya, awıl.

1. Bir qatardan ekinshi qatarǵa ótkermelewge bolmaytuǵın sózlerdi aytıp beriń.
2. Ne ushın bul sózlerdi ótkermelewge bolmaydı?

## DAWÍSLÍ SESLER

### §7. A hám Á háripleriniń jazılıwı

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshirip jazıń. **A** hám **á** háripleriniń astın sızıń.

Gúljan — tártipli oqıwshı. Ol sabaǵınan jaqsı oqıydı. Aǵası oǵan dúkánnan qálem, dápter ákelip berdi. Gúljan aǵasına raxmet ayttı.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli háriplerdi qoyıp, kóshirip jazıń.

P...xta, b...hár, at..., ...ke, qaǵ...z, d...pter, q...lem, p...rta, alm..., m...kke, Mar...t, m...keme, h...kke.

**3-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshiriń hám **á** háribi bar sózlerdiń astın eki sızıń.

Sánem áynekti tazalaydı. Ámet buzawǵa ot saladı. Dárigúl úkesin jubatadı. Apası balaların jaqsı kóredi. Sebebi, olar júdá tártipli.

**4-shınıǵıw.** Súwretlerdiń tómenindegi sózlerdi oqıń hám **a, á** sesleriniń qanday buwında kelgenligin aytıń.



Saat



Hákke



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**5-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp shıǵıp, sheshimin tabıń.



Ózi bir zat domalaq,
Tiyseń keter jumalap.
Bolmasa da jazıǵı
Júrer balalar quwalap.

*S. Nurımbetov.*

**A** háribi bar sózlerdi aytıp beriń.

**6-shınıǵıw.** Gáplerdegi kóp noqattıń ornına tiyisli háripti qoyıp kóshiriń.

K...n suwıttı. M...rat erte turdı. Ol apasına s...lem berdi. S...nem mektepke ketti. Oraz sab...q tayarladı.

**Úlgi:** Oraz sabaq tayarladı.

**7-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıp shıǵıń.

Meniń ana tili hám oqıw kitabım bar. Matematika kitabım da bar. Men olardı



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

oqıp júrmen. Úyde basqa da kóp kitaplardı qızıǵıp oqıyman. Mende qálem hám dápterler de bar.

1. Gáptegi **á** háribi bar sózlerdi aytıń.
2. Sizlerde qanday oqıw quralları bar? Atların aytıń.

**8-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Záripbay tártipli oqıwshı. Ol sabaqlarınan «5» bahasına oqıydı. Ol ádepli, kishipeyil bala. Óz joldaslarına járdem beredi. Hámme onı húrmetleydi.

1. Gáplerdi kóshirip jazıń.
2. Gáplerdegi **á** háribi bar sózlerdiń astın sızıń.
3. Gúrrińniń mazmunın sóylep beriń.
4. Sizler de Záripbayday bolıwǵa ádetleniń.

## §8. O hám Ó háripleriniń jazılıwı

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Aǵam otın ákeldi. 2. Kózińizdi qádirleń. 3. Klasımızda otız oqıwshı bar. Olardıń kóbisi qızlar. 4. Awılda kól bar. Kólge japtan suw aǵadı.

1. Gáplerdi kóshirip jazıń.
2. Gáplerdegi **o** hám **ó** háripleri bar sózlerdiń astın sızıń.

**O** hám **ó** háripleri sózdiń dáslepki buwınında jazıladı: **ot, ót, toǵız, tórtew, or, oraq.** Keyingi buwınında **ó** esitilse de **e** háribi jazıladı: **ózek, tósek**.

**2-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń. **O** hám **ó** sesleriniń qaysı buwında jazılǵanlıǵın ayırıń.

Tor — tór, qol — kól, qoz — kóz, qon — kón, oz — óz, qosıq, tósek, otın, toǵız, sorpa, tós, qoraz, oshaq.

**3-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp, sheshimin aytıń. **Ó** háribi bar sózlerdi aytıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Astı taxta, ústi taxta,
   Ortasında melle paxta.



2. Tiriden óli tuwadı,
   Óliden tiri shıǵadı.

Kóshirip jazıń. **O** hám **ó** háripleriniń astın sızıń.

**4-shınıǵıw.** Súwretlerdiń atların tabıń.





1. Tapqan sózlerińizdi kóshiriń.
2. **O** hám **ó** háripleriniń astın sızıń.

**5-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, kóshirip jazıń.

1. Kanalǵa ... salındı. 2. Kólde suw ... . 3. Tawıq ... shıǵaradı. 4. Asan malǵa ... ordı. 5. Júdá ... ot tayarlanadı.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kerekli sózler:** mol, kópir, shóje, kóp, ot.

**O, ó** háripleriniń sózdiń qaysı buwınında kelgenligin aytıń.

**O** háribi juwan buwında jazıladı.
**Ó** háribi jińishke buwında jazıladı.

**6-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına **o** hám **ó** háripleriniń tiyislisin qoyıp, sózlerdi kóshiriń.

K...mir, ...tın, q...naq, t...sek, t...ǵız, t...rtew, p...lat, b...dene, j...ldas, ...lshew.

**7-shınıǵıw.** Tómendegi súwretlerdiń atın kóshirip jazıń. Ondaǵı **o** hám **ó** sesleriniń ayırmashılıǵın aytıń.



Shóje



Paroxod



Qoyan

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**8-shınıǵıw.** Berilgen sózlerdiń hárqaysısın bir gáp ishinde keltirip jazıń.

Tósek, kól, joldas, mektep.

**9-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıp, mazmunın sóylep beriń.

Tashkentte awıl xojalıq kórgizbesi bar. Kórgizbede awıl xojalıq eginlerinen: biyday, paxta, miyweler hám palız eginleri bar. Olardı diyqanlar egip jetistirgen. Kórgizbede hár túrli awıl xojalıq mashinaları da bar.

1. Gáplerdegi **o, ó** háripleri bar sózlerdi aytıp beriń.
2. **Tashkent, awıl xojalıq mashinaları, kórgizbe** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

## §9. U hám Ú háripleriniń jazılıwı

**1-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń. **U** hám **ú** sesleriniń qaysısı juwan, qaysısı jińishke ekenligin anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ush — úsh, un — ún, duz — dúz, bur — búr, qus — tús, burısh — gúrish, jumıs — gúmis, qundız — kúndiz.

**U** háribi juwan buwında jazıladı.
**Ú** háribi jińishke buwında jazıladı.

**2-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına **u** hám **ú** háribiniń birewin qoyıp, sózlerdi kóshiriń.

J...mıs, g...mis, ...zın, t...tin, t...lki, k...n, q...dıq, j...ldız, t...rdı, j...rdi.

**U** háribi sózdiń dáslepki buwınında jazıladı. Keyingi buwında **u** esitilse de **ı** jazıladı: **jumıs, qudıq.**

**3-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń. **U** háribi bar sózlerde **ı** háribiniń qaysı buwında turatuǵınlıǵın anıqlań.

1. Aǵam zavodta jumıs isleydi. 2. Xojalıǵımızda mal ferması bar. 3. Fermanıń qasında úlken qudıq bar. 4. Saranıń aǵası qurılısta injener bolıp isleydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**4-shınıǵıw.** Sózlerdi kóshirip jazıń hám **u, ú** háriplerinin astın sızıń.

Qumırsqa, qulaq, súwret, búgin, bulaq, úlken, ullı, Úmit, júzim.

**5-shınıǵıw.** Berilgen súwretlerdiń atların jazıń.





1. Jazǵan sózlerińizdiń hárbirine bir gáp qurań.
2. **U** hám **ú** háriplerinin astın sızıń.

**Ú** háribi dáslepki buwında jazıladı. Keyingi buwında **ú** esitilgeni menen **i** háribi jazıladı: **Úmit, búgin.**

**6-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp, sheshimin tabıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Túrin** kórseń qarday aq,
Dámin tatsań palday zat.
Shayǵa salsań eriydi,
Bir **túyiri** qalmay tap.

1. Qara hárip penen jazılǵan sózlerde **ú** háribiniń qaysı buwında turǵanlıǵın anıqlań.
2. **Ú** háribine baylanıslı úsh sóz jazıń.

**7-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, kóshirip jazıń.

1. Gúljan ... uslap aldı. 2. Búgin ... jıllı. 3. Gúljamal anasına ... ákelip berdi. 4. ... tártipli oqıwshı.

**Kerekli sózler:** kún, úyrek, gúl, Gúlim.

**8-shınıǵıw.** Tómendegi sózler járdeminde birneshe gápler dúziń. **Ú, u** háripleri bar sózlerdi sózlik dápterińizge jazıp alıń.

Úlken, tútin, usladı, kún, júr, ullı, qus, Uljan, gúmis.

**Úlgi:** Qus ushtı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## § 10. Í hám i háripleriniń jazılıwı

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.

Bizler sayaxatqa bardıq. Men sayaxatta kórgenlerimdi apama aytıp berdim. Apam maǵan raxmet ayttı.

1. Gáplerdi kóshirip jazıń.
2. **Í** hám **i** háribi bar sózlerdiń astın sızıń.

**2-shınıǵıw.** Tómendegi berilgen súwretlerdiń atların oqıp shıǵıń.



Pıshqı



Kiyim ildirgish



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Súwretlerdiń atların kóshirip jazıń.
2. **Í** hám **i** háripleriniń astın sızıń.

**3-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń. **Í** hám **i** háribi bar sózlerdiń astın sızıń.

Toǵız — segiz, jılqı — túlki, qundız — kúndiz, jıynalıs — kórinis, tabıs — jemis, jumıs — jeńis.

**Í** hám **i** sesleriniń qaysısı juwan, qaysısı jińishke ekenligin anıqlań.

**Í** háribi juwan buwında jazıladı: **altı.**
**I** háribi jińishke buwında jazıladı: **jeti.**

**4-shınıǵıw.** Dáslep **ı** háribi bar sózlerdi, onnan soń **i** háribi bar sózlerdi kóshirip jazıń.

Altın, gúmis, altı, jeti, eki, toǵız, qız, bir, jip, mıs, baxıt, tilek, qamıs, erik, sım, Ziywar, Jeńisgúl.

**Í** hám **i** háripleriniń qanday buwında kelgenligin anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**5-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına **ı** hám **i** háribiniń tiyislisin qoyıp, gáplerdi kóshirip jazıń.

1. Saw...nshı s...y...r sawadı. 2. Muǵall...m balalarǵa k...tap berdi. 3. Sara b...r...n-sh... klasta oqıydı. 4. Ol úkes...n jubatadı. 5. B...zler onıń úy...ne bard...q.

**Í** hám **i** sesleri esitilgen orınlarda jazıla beredi: **ıdıs, qızıl, gilem, bilim.**

**6-shınıǵıw.** Sózlerdi kóshirip jazıń. **Í** hám **i** sesleriniń juwan hám jińishke ekenligin bilip alıń.

1. Qurılıs, otın, balıqshı, jawın, padashı, qamıs, qızıq, tıǵın. 2. Temir, kómir, bilim, tilek, is, tis, biz, erik, júzim.

## § 11. E háribiniń jazılıwı

**1-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp, sheshimin tabıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Bir múyeshte sóyleydi,
Saz shertedi, jırlaydı.
Hámme onıń sózinen,
Dúnya júzin tıńlaydı.

**E** háribi bar sózlerdi tawıp aytıń.
**E** háribi sózdiń qay jerinde jazılǵan?

**E** háribi jińishke buwında jazıladı.
**E** sesi sózlerdiń esitilgen orınlarında jazıla beredi: **kese, etik, bes, geshir, qálem.**

**2-shınıǵıw.** **E** háribinen baslanǵan sózlerdi bir bólek, **e** háribiniń sózlerdiń ishinde kelgenin bir bólek kóshirip jazıń.

Mektep, egis, jeti, bes, terek, bel, eshki, kel, er, etik, el, tósek, kesek, esik, Erkin, Seregúl.

**3-shınıǵıw.** Súwretlerge qarap, 2-3 gáp dúziń. Keyin ondaǵı **e** háribi bar sózlerdiń astın sızıń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





**4-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli háripti qoyıp, sóz qurań.

K...me, j...lim, ...tik, gój...k, g...shir, qár...li, dápt...r, qál...m, k...ldi.

**Úlgi:** keme.

**Gójek** sóziniń jazılıwın bilip alıń.

**5-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshirip jazıń.

Mektep ushın asxana salındı. Onda túrli awqatlar pisiriledi. Bizler asxanada awqatlanamız.

1. **E** háribi bar sózlerdiń astın sızıń.
2. **E** háribiniń sózdiń qaysı buwınında kelgenligin aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**6-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıp, kóshirip jazıń.

Altı, úsh, kanal, ózek, kól, sarı, eshki, ógiz, Elmurat, Ótemis, shelek, bódene.

**E** hám **ó** háribi bar sózlerdiń astın sızıń.

**7-shınıǵıw.** Oqıp, mazmunın sóylep beriń. **E** háribi bar sózlerdi aytıń.

Pomidorda vitaminler kóp. Pomidor búyrek, júrek, asqazan-ishek, bawır keselliklerine jaqsı payda etedi.

## § 12. Alfavit

**1-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń.

Sazan, ılaqa, shortan, shabaq.

1. Sózlerdegi dawıslı seslerdi bir bólek, dawıssız seslerdi bir bólek kóshirip jazıń.
2. **Shortan** sózinde neshe dawıslı, neshe dawıssız ses bar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ALFAVIT

## Qaraqalpaq álipbesindegi háripler, olardıń jaylasıw tártibi hám atları

| q/t | baspa | jazba | aytılıwı | kirill | q/t | baspa | jazba | aytılıwı | kirill |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Aa | Aa | a | а | 18 | Nn | Nn | ne | н |
| 2 | Áá | Āā | á | ә | 19 | Ńń | N̄n̄ | ńe | ң |
| 3 | Bb | Bb | be | б | 20 | Oo | Oo | o | о |
| 4 | Dd | Dd | de | д | 21 | Óó | Ōō | ó | ө |
| 5 | Ee | Ee | e | е, э | 22 | Pp | Pp | pe | п |
| 6 | Ff | Ff | fe | ф | 23 | Rr | Rr | re | р |
| 7 | Gg | Gg | ge | г | 24 | Ss | Ss | se | с |
| 8 | Ǵ ǵ | Ḡḡ | ǵa | ғ | 25 | Tt | Tt | te | т |
| 9 | Hh | Hh | he | ҳ | 26 | Uu | Uu | u | у |
| 10 | Xx | Xx | xa | х | 27 | Úú | Ūū | ú | ү |
| 11 | Íı | Īı | ı | ы | 28 | Vv | Vv | ve | в |
| 12 | Ii | Ii | i | и | 29 | Ww | Ww | we | ў |
| 13 | Jj | Jj | je | ж | 30 | Yy | Yy | ye | й |
| 14 | Kk | Kk | ke | к | 31 | Zz | Zz | ze | з |
| 15 | Qq | Qq | qa | қ | 32 | Cc | Cc | ce | ц |
| 16 | Ll | Ll | la | л | 33 | Ch ch | Chch | che | ч |
| 17 | Mm | Mm | me | м | 34 | Sh sh | Shsh | she | ш, щ |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2-shınıǵıw.** Súwretlerdiń atların tabıń. Olardı alfavit tártibinde jazıń.

   

**3-shınıǵıw.** 47-bette berilgen alfavittegi háriplerdi dawıslap oqıń.

1. Alfavitte neshe hárip bar?
2. Alfavitte neshe dawıslı ses bar?
3. Dawıssız sesler neshew?
4. Alfavittegi háriplerdiń jazba túrin durıs jazıwdı úyreniń.

Háriplerdiń tártip penen jazılıwın **alfavit** deymiz.

**4-shınıǵıw.** Tómendegi háriplerdi alfavit tártibi menen kóshirip jazıń.

b, á, e, d, a, f, k, x, ǵ, h, ı, q, n, j, g, r, s, t.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**5-shınıǵıw.** Tómendegi adam atların oqıń hám onı alfavit tártibinde aytıń.

Marat, Asan, Ámet, Baltabay, Jańabay, Erimbet, Dáwlet, Kamal, Roza.

**Baltabay, Roza** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

**6-shınıǵıw.** Háriplerdi alfavit tártibi menen kóshiriń.

m, o, ó, ń, s, p, t, r, v, ú, u, y, w, sh, z.

Qaysı dawıssız hárip dawıslı háripten keyin keletuǵının bilip alıń.

**7-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

**Mektep** kitapxanasında kitaplar kóp. **Kitap oqıw — paydalı.** Bizler qızıqlı kitaplardı oqıdıq. Kitaptı jırtpay **taza saqlań.**

Qara hárip penen jazılǵan sózlerdegi háriplerdi alfavit tártibi menen kóshiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## § 13. Tákirarlaw ushın sorawlar hám shınıǵıwlar

1. Gáp dep nege aytamız?
2. Gáp neden quraladı?
3. Gáptiń aqırına ne qoyıladı?
4. Gáptiń dáslepki sózi qanday háripten baslanıp jazıladı?
5. Sózler neden quraladı?
6. Ses hám hápiptiń ayırmashılıǵın aytıń.
7. Dawıslı seslerdi aytıń.
8. Dawıssız sesler neshew?
9. Juwan hám jińishke dawıslı seslerdi aytıń.
10. Qanday sesler buwın jasay aladı?
11. A, o, u, ı háripleri qanday buwınlarda jazıladı?
12. Á, ó, ú, i háripleri-she?

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Sawınshılar sıyırlardı sawdı. Padashılar mallarǵa ot saldı. Mallar jıllı qoralarda saqlanadı. Mallardıń barlıǵı semiz.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Hárbir gáp ne haqqında aytılǵan?
2. Hárbir gáp neshe sózden quralǵan?

**2-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń.

Awız, qulaq, moyın, tis, erin, bas, kóz, til, ayaq, júrek, murın, shash.

1. Sózlerdi kóshiriń.
2. Hárbir sózde neshe ses, neshe hárip bar ekenin aytıń.
3. **Kóz, moyın** sózlerinde neshe buwın bar?

**3-shınıǵıw.** Sózlerdi kóshiriń.

Gazeta, jurnal, radio, televizor, paroxod, zavod, fabrika, áynek, úlken.

1. Juwan dawıslı seslerdiń astın bir, jińishke dawıslılardıń astın eki sızıń.
2. **Á** hám **ó** háripleri bar bolǵan altı sóz jazıń.

**4-shınıǵıw.** Qosıqtı oqıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jumısqa til alǵıshpan,
Buyırsa qanday is maǵan,
Saw bol dep aytqan alǵıstan,
Payda bolar kúsh maǵan.

*X. Saparov.*

**U** hám **ú** háripleri bar sózlerdi kóshirip jazıń.

**5-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshirip jazıń. **E, ı, i** hárípleriniń astın sızıń.

1. Bizler toǵayǵa bardıq. Toǵayda quslar kóp eken. Olardıń uyaların kórdik. 2. Mektebimizde ata-analar jıynalısı boldı. Onda oqıwshılardıń sabaqtan úlgeriwi tuwralı sóz boldı.

**6-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp, mazmunın sóylep beriń. **ı** hám **i** sesleriniń qaysı buwında qollanılǵanın aytıń.

Qawın elimizde kóp ósiriledi. Qawınnıń quramında temir kóp. Qawın júrek, bawır, búyrek awırıwlarına payda etedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**7-shınıǵıw.** Berilgen sózlerdi alfavit tártibi menen kóshirip jazıń.

Avtomobil, televizor, gazeta, jurnal, xat, pochta, telefon.

## § 14. Sóz haqqında túsinik

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi tutas oqıp shıǵıń.

Báhár boldı. Kún jılıdı. Jerde shópler kógerdi. Erikler gúlledi. Egis baslandı. Atızlar suwǵarıldı.

1. Hárbir gápte neshe sóz bar ekenin aytıń.
2. Gáplerdi kóshiriń. Jazǵanda hárbir sózdi bólek jazıwdı umıtpań.

**2-shınıǵıw.** Súwretlerdiń atların aytıp beriń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Súwretlerdiń atlarınıń mánisin muǵallimniń járdeminde túsinip alıń.

Sóz buwınlardan quraladı: **qa-la, ki-tap.** Sózler zattıń atın hám háreketin bildiredi, yaki zattıń kelbetin yamasa sanın bildiredi.

**3-shınıǵıw.** Kóshirip jazıń hám qara hárip penen jazılǵan sózlerge sorawlar qoyıń.

**Qońıraw** qaǵıldı. **Balalar** klasqa kirdi. **Sabaq** baslandı. Muǵallim oqıwshılardan úy tapsırmaların **soradı. Balalar** sorawlarǵa tolıq juwap berdi.

**4-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń.

1. Apam keste tigip atır. 2. Maqset bizlerge dápter ákelip berdi. 3. Gúljan gúlge suw quyıp atır. 4. Bizler kók, sarı qálemler menen súwret saldıq.

Gáplerdegi **kim? qanday? ne islep atır? ne?** sorawlarına juwap beretuǵın sózlerdi aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**5-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp, sheshimin tabıń.

Tórt tayaǵı bar,
Segiz tuyaǵı bar,
Uzın qamshısı bar,
Tórt bulaǵı bar,
Qos nayzası bar,
Adamǵa paydası bar.



1. Jumbaq ne haqqında aytılǵan?
2. Jumbaqtıń mazmunın túsindiriń.
3. **Neshe** sorawına juwap berip turǵan sózlerdi tabıń.

**6-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshirip jazıp, **kim?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdiń astın sızıń.

**Shıpaker awırıwdı emleydi**. Balıqshı balıq awlaydı. Etikshi etik tigedi. Qurılısshı jay saladı. Diyqanlar egin egedi. **Muǵallim balalardı oqıtadı.**

1. Qara hárip penen jazılǵan gápler neshe sózden quralǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. **Shıpaker, qurılısshı, etikshi** sózlerine soraw qoyıń.

**7-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Úyrek júzedi. Búlbúl sayraydı. Ǵarǵa ǵaqıldaydı. Qar jawdı. Awılda úlken kanal bar. Kanalda suw mol.

1. Hárbir gáp ne haqqında aytılǵan?
2. **Ne** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi tawıp aytıń.
3. **Búlbúl** sóziniń jazılıwın bilip alıń.

**8-shınıǵıw.** Kóshirip jazıń.

Qara qálem. Aq gezleme. Qızıl alma. Úlken jay. Semiz mal. Íssı suw. Kók sıya. Sarı boyaw. Mazalı awqat.

1. **Qanday?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdiń astın sızıń.
2. **Mal, suw, ıssı, mazalı** sózleri neshe buwınnan quralǵan? Bul sózlerdiń mánilerin aytıp beriń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**9-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp kóshiriń.

Biziń xojalıq ... saldı. Malxananıń áynekleri bar. Onıń ishi **jaqtı**. ... malxananı **tazalap turadı.** Bizler mallarǵa **ot-shóp salamız.** Mallardı jaqsı kútiw kerek. ... semiz boladı. ... kóp sút beredi.

**Kerekli sózler:** malxana, jumısshılar, sıyır, mal.

1. Gúrrińdi oqıp, mazmunın sóylep beriń.
2. Gáplerdegi sózler bólek jazılǵan ba, qosılıp jazılǵan ba?
3. Qara hárip penen jazılǵan sózlerge soraw qoyıń.

## § 15. Zattıń atın bildiretuǵın sózler

**1-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıp shıǵıń.

Qálem, top, quwırshaq, óshirgish, shana, shar, kitap, dápter, sızǵısh, sıya, jelim, qaǵaz, cirkul.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dáslep oyınshıqlardıń, onnan soń oqıw quralların ıń atların jazıń.

**Oyınshıqlar:**
**Oqıw quralları:**

**2-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp, sheshimin tabıń.



Etedi tıq-tıq,
Júredi shıq-shıq.
Hár iske kerek,
Waqıttan derek.

1. Jumbaqtı kóshirip jazıń.
2. Jumbaq arqalı berilgen zat sizlerdiń úylerińizde bar ma?
3. Sizler onnan qalay paydalanasız?
4. Sizler qanday jumbaqlar bilesiz?

**3-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń.

Kese, shelek, tabaq, parta, gilem, lágen, oraq, bel, qasıq, qazan, pıshaq, ketpen, arba, shólmek.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dáslep ıdıslardıń atın, soń basqa zatlardıń atın jazıń.

**Ídıslar:**
**Basqa zatlar:**

1. Qazandı nege paydalanamız?
2. **Pıshaq, shelek, ketpen** sózlerin sózlik dápterińizge jazıp alıń.

Hárbir zattıń atı boladı: **qálem, alma, etik, malaqay, parta, kitap, traktor, qaǵaz** — bulardıń hámmesi zatlardıń atı.

**4-shınıǵıw.** Súwrette qaysı zatlardı kórip tursız, olardıń atın aytıń.

**Bul ne?**





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Súwretlerdiń atın tártibi menen kóshirip jazıń.
2. Bul zatlardı nege paydalanamız?

**5-shınıǵıw.** Dáslep palız eginleriniń atların, onnan soń miywelerdiń, keyin awqat atların kóshirip jazıń.

Alma, kapusta, almurt, júzim, may, piyaz, geshir, erik, láblebi, shiye, palaw, kartoshka, qatıq, sút, sorpa, jarma.

**Shabdal, almurt, piyaz, láblebi** sózlerin sózlik dápterińizge jazıp alıń.

**Palız eginleri:**
**Miyweler:**
**Awqatlar:**

**6-shınıǵıw.** Tómendegi súwretlerge qarap, olardıń atın aytıń.

**Bul ne?**





http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Miywelerdiń atların bir bólek, palız eginleriniń atların bir bólek jazıń.
2. Jumbaqtıń sheshimin tabıń.

## Jumbaq

Sırtta japıraq shaqası,
Jer astında miywesi.
Júredi awqat ornına,
Kópshiliktiń jer ası.



Adamlar tuwralı **kim**?, basqa zatlar tuwralı **ne**? dep soraymız.

Bul kim? — **Oqıtıwshı, Sadıq, etikshi**.

Bul ne? — **At, alma, kitap**.

**7-shınıǵıw.** Sózlerdegi túsirilip qaldırılǵan háriplerdi tawıp, qosıp jazıń.

1. Batır...ay kitap oqıdı.
2. Sar...gúl qosıq ayttı.
3. Saparg...l sabaq tayarladı.
4. Az...t malǵa ot saldı.

Gáplerdegi adam atların aytıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## § 16. Adam atlarınıń jazılıwı

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Aysholpan menen Ayjamal birinshi klasta oqıydı. Olar úyinde birge sabaq tayarlaydı. Onnan soń Ayjamal kishkene úkesin jubatadı. Aysholpan úy-ishin tazalaydı. Maqset bolsa úshinshi klasta oqıydı. Al, Qabıl tórtinshi klasta oqıp atır.

1. Dáslep qızlardıń, onnan soń er balalardıń atların aytıń hám olardı kóshirip jazıń.
2. Olar qanday háripten baslanıp jazılǵan?

Adam atları bas háripten baslanıp jazıladı: **Ámet Oraz ulı. Orazgúl Úsen qızı.**

**2-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıp, kóp noqattıń ornına tiyisli adam atların qoyıp kóshiriń.

... ekewimiz qarmaq salıwǵa kólge bardıq. Keynimizden ... keldi. Úshewimiz balıq awladıq. ... ekewimiz balıqtı kóp



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

usladıq. Úyge kelgennen soń qarındasım ..., inim ... balıqlardı kórip quwandı.

**Kerekli sózler:** Marat, Atamurat, Ótegen, Gúljamal, Bazarbay.

1. Adam atları qanday háripten baslanıp jazıladı?
2. Adam atlarına qanday soraw qoyıladı?

**3-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına adam atların tawıp qoyıń.

**Meniń atım** — ... ... .
**Aǵamnıń atı** — ... ... .
**Apamnıń atı** — ... ... .

1. Gáplerdi kóshirip jazǵanıńızda adam atların bas háripten baslap jazıń.
2. Adam atlarına soraw qoyıń.

**4-shınıǵıw.** Oqıp shıǵıń.

Maqset Jumabay ulı, Gúlayım Kamal qızı, Polat Palwan ulı, Ayjamal Ospan qızı, Hámiyda Jumanazar qızı.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Dáslep qızlardıń atların, onnan soń er balalardıń atların ákesiniń atları menen qosıp kóshirip jazıń.
2. Adam atlarındaǵı bas háriptiń astın sızıń.

## § 17. Qala hám jer-suw atlarınıń jazılıwı

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

1. Nókis — Qaraqalpaqstannıń orayı. 2. Aygúldiń ájaǵası Taxtakópir rayonında turadı. 3. Moynaq rayonı balıqshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanadı. Moynaqta iri qurılıs jumısları alıp barılmaqta. 4. Qız apam Tashkent qalasındaǵı institutta oqıydı.

1. Gáplerdegi qala atların aytıń.
2. Qalanıń atları qanday háripten baslanıp jazılǵan?

**2-shınıǵıw.** Sózlerdegi qala hám rayon atların bir bólek, jer-suw atların bir bólek kóshirip jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Moynaq, Tórtkúl, Xojeli, Aral teńizi, Taxtakópir, Shımbay, Alma-Ata, Tashkent, Dawıtkól, Porlıtaw, Altınkól, Kegeyli, Shomanay, Qaraózek.

**Tashkent, Shımbay** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

Qala hám jer-suw atları bas háripten baslanıp jazıladı: **Nókis, Ámiwdárya.**

**3-shınıǵıw.** Kóshirip jazıń, qala atlarınıń astın sızıń.

Ózbekstan — ǵárezsiz mámleket.

Ózbekstanda kóplegen balalar baqshaları, mektepler, turaq jaylar salındı.

Ózbekstanda birneshe zavod hám fabrikalar bar. Qalalar menen awıllarda kóp jaylar salınıp atır.

Ózbekstanda kóp qalalar, rayonlar bar. Olar: Samarqand, Nókis, Tashkent, Buxara, Shımbay, Qońırat, Tórtkúl, Moynaq, Qanlıkól, Kegeyli hám taǵı basqa.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qala atları qanday háripten baslanıp jazılǵan?

**4-shınıǵıw.** Berilgen qala hám rayon atların keltirip, bes gáp jazıń.

Qońırat, Moynaq, Beruniy, Samarqand, Nókis.

**5-shınıǵıw.** Oqıp shıǵıń.

Erkindárya, Topıraqqala, Qazaqdárya, Bozataw, Ashshıkól, Dawıtkól.

1. Jer-suw atlarınıń hárqaysısına baylanıslı bir gáp dúziń.
2. Jer-suw atlarınıń jazılıwın bilip alıń.

**6-shınıǵıw.** Berilgen sorawlarǵa awızsha juwap beriń.

1. Sizler qaysı qalada (rayonda, awılda) turasız?
2. Qaysı mektepte oqıysız?
3. Awılıńızda qanday kóller, kanallar bar?
4. Qaraqalpaqstanda qanday tawlar bar?



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## § 18. Zattıń kelbetin bildiretuǵın sózler

**1-shınıǵıw.** Oqıń.

Sulıw, biyik jay. Úlken kanal. Tereń kól. Qızıl sıya. Mazalı alma. Uzın aǵash. Semiz mal.

Sorawlarǵa juwap beriń hám kóshirip jazıń.

Jay qanday? ...
Kanal qanday? ...
Kól qanday? ...
Mal qanday? ...
Alma qanday? ...
Aǵash qanday? ...

**Úlgi:** Mal semiz. Jay sulıw, biyik.

**2-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıp shıǵıp, mazmunın sóylep beriń.

Awılımızda úlken, biyik jaylar bar. Jaylardıń ishi keń, jaqtı. Qalada jańa saray salındı. Bizler onda qızıqlı kinofilmler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kóremiz. Saraydıń qasında kitapxana bar. Onda qızıqlı kitaplar bar.

**Qanday?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

**Jaqsı, qızıl, semiz, kók, úlken, mazalı** degen sózler zatlardıń kelbetin, túr-túsin hám dámin bildiredi. Olarǵa **qanday**? degen soraw qoyıladı.

**3-shınıǵıw.** Berilgen gáplerdi oqıń hám kóshirip jazıń.

Uzın qálem. Sarı gezleme. Ala at. Kók boyaw. Úlken jay. Kishkene buzaw. Qara qoy. Qońır sıyır. Qızıqlı kitap. Dúziw aǵash. Qızıl gúl.

Zatlardıń kelbetin, túr-túsin bildirip turǵan sózlerdiń astın sızıń hám sorawın qoyıń.

**4-shınıǵıw.** Kóshirip jazıń.

Domalaq, kók — bul ǵarbız.
Jińishke, uzın — bul qálem.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sulıw, biyik, úlken — bul jay.
Kelte, uzın — bul qamıs.
Qońır, kishkene — bul qozı.

**Qanday?** degen sorawǵa juwap berip turǵan sózlerdi aytıń.

**5-shınıǵıw.** Tómende berilgen zattıń kelbetin bildiretuǵın sózlerden keyin qanday zattıń atın qoyıwǵa boladı?

Torı, ala, sarı .... .
Salqın, móldir, taza .... .
Suwıq, kúshli .... .

**Úlgi:** Torı at.

**Kerekli sózler:** at, suw, samal.

**6-shınıǵıw.** Tómendegi kelbetlik sózlerge qarap, kóp noqattıń ornına zatlardı bildiretuǵın sózlerdi qoyıp aytıń.

Semiz, juwas, torı (ne?) .... .
Japıraqlı, juwan (ne?) .... .
Keń, jaqtılı (ne?) .... .



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kerekli sózler:** at, terek, mektep.

**7-shınıǵıw.** Qawsırmadaǵı sózdi qosıp, gáplerdi kóshiriń.

Kóshe boylarında (sulıw) gúller ósip tur. Men 8-mart kúnine arnap (sulıw) súwret saldım. Orazgúldiń (sarı) kóylegi bar.

**Qanday?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdiń astın sızıń.

**8-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıp, **qanday?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

Nókis — sulıw qala. Onıń kósheleri taza, uzın hám keń. Nókiste úlken, biyik jaylar kóp. Nókiste «Ámir Temur» parki bar. Onda aq, qızıl, sarı gúller ósedi. Nókiste kóplegen jańa jaylar salındı.

**9-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına zattıń kelbetin bildiretuǵın tiyisli sózlerdi qoyıp kóshiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Apam ... ertek aytıp berdi. Dúkánnan ... qálemler satıp aldım. Bizler ..., ..., ... qálem menen súwret saldıq. Búgin ... samal esti. Biziń awılda ... kól bar.

**Kerekli sózler:** qızıqlı, kóp, sarı, qızıl, jasıl, úlken, kúshli.

**10-shınıǵıw.** Tómendegi qaysı sózler zatlardıń kelbetin bildire aladı. Olardı tómendegi sózler menen qosıp, qısqa diktant jazıń.

... kún, ... aspan, ... dala,
... qar, ... suw, ... hawa.

**Kerekli sózler:** aq, ıssı, tınıq, ashıq, taza, keń.

**11-shınıǵıw.** Jumbaqtıń sheshiliwin tabıń.

Domalaq ózi,
Sırt jaǵı ala.
Ishi qızıl,
Shopaǵı qara.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Qanday?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdi aytıń.

**12-shınıǵıw.** Óqıń, kóshirip jazıń.

Toǵayda (qanday?) **iri** torańǵıllar ósedi. Torańǵıllar (...) **juwan**. Aǵam (...) **qıysıq** torańǵıllardı shaptı. Bizler torańǵıllardıń (...) **kelte, mayda** shaqaların jıynadıq.

Qara hárip penen jazılǵan sózlerdiń aldındaǵı qawsırmanıń ishine tiyisli sorawların qoyıń.

**13-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń. Kóp noqattıń ornına zattıń kelbetin bildiretuǵın tiyisli sózlerdi qoyıp, kóshirip jazıń.

Qurılısshılar ... jaylar saldı. Ótegen ... kitap satıp aldı. Ziyada ... súwret saldı. Gúlayım ... kóylek tikti. Bizler ... kitaplar oqıdıq.

**Kerekli sózler:** biyik, ertek, qızıqlı, sulıw, aq.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**14-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdi oqıń, bul qanday zatlardıń kelbetin bildire aladı, aytıp beriń.

1. Tolıq, semiz ... .
2. Úlken, iri, náhán ... .
3. Ǵayratlı, kúshli, qarıwlı ... .
4. Márt, batır, qaharman ... .
5. Mazalı, tatlı, shiyrin ... .
6. Sulıw, shıraylı, kórkem ... .

**Úlgi:** Semiz sıyır.

## § 19. Zattıń sanın bildiretuǵın sózler

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń hám kóshirip jazıń.

Bes qálem. Altı dápter. Tórt kitap. Eki óshirgish. Bir klass. On bes parta. Úsh bólme. Jigirma bes oqıwshı.

Zatlardıń sanın bildirip turǵan sózlerdi bilip alıń.

**2-shınıǵıw.** Kóshirip jazıń.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Segiz buzaw. Úsh ılaq. Jeti qozı. Eki pıshıq. On tórt shóje. On úsh tawıq. Toǵız túye.

Zattıń sanın bildiretuǵın sózlerge sorawlar qoyıń.

**Bes, altı, úshinshi, besinshi, jeti** degen sózler zattıń sanın bildiredi. Olarǵa **qansha? neshe? neshinshi?** degen sorawlar qoyıladı.

**3-shınıǵıw.** Tómendegi súwretke qarap, sorawlarǵa juwap beriń.



1. Súwrette neni kórip tursız?
2. Olardıń sanı neshew?
3. Olar nede qonıp otır?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**4-shınıǵıw.** Dáslep **neshe?**, keyin **neshinshi?** sorawlarına juwap beretuǵın sózlerdi kóshirip jazıń.

On bir, toǵız, on altı, on úsh, on tórtinshi, segiz, jigirma bes, úshinshi, on eki, birinshi, jetinshi, on jeti.

Bul sózlerdiń jazılıwın bilip alıń.

**5-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, gáplerdi kóshirip jazıń. Olarǵa soraw qoyıń.

1. Men hár kúni mektepte ... saat bolaman.
2. Aǵam kúnde ... saat jumıs isleydi.
3. Apam ... saat jumıs isleydi.

**Kerekli sózler:** jeti, tórt, segiz.

**6-shınıǵıw.** **Neshe?** sorawına juwap bergen sózlerdi bir bólek, **neshinshi?** sorawına juwap bergen sózlerdi bir bólek kóshirip jazıń.

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tórt sıyır, jetinshi klass, bes eshki, toǵız qoy, ekinshi jay, on bes ılaq, tórtinshi qabat, segiz at.

**7-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, gáplerdi kóshirip jazıń.

Bizler bıyıl ... túp miywe nálin ektik. Onıń ... túbin Marat ekti. ... túbin Ayjan ekti. Men ... túbin ektim. Nállerge hár kúni ... oqıwshı suw quyadı. Miywe nálleriniń bári kógerdi. Olar ... jıldan keyin miyweleydi.

**Kerekli sózler:** alpıs, segiz, altı, on, tórt, úsh.

## § 20. Zattıń háreketin bildiretuǵın sózler

**1-shınıǵıw.** Tómendegi sorawlardı juwabı menen kóshirip jazıń.

— Muǵallim ne isleydi?
— Muǵallim bala oqıtadı.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Diyqanlar ne isleydi?
— Diyqanlar paxta, salı hám basqa da eginler egedi.
— Balıqshı ne isleydi?
— Balıqshı balıq awlaydı.
— Shıpaker ne isleydi?
— Shıpaker awırıwdı emleydi.

Gáplerdegi **ne isleydi?** degen sorawdıń astın sızıń.

**Oqıydı, jazadı, ushadı, júredi** degen sózler is-háreketti bildiredi.
Terekler **ósti**. Úyrek **ushadı**.

**2-shınıǵıw.** Qawsırmadaǵı sózlerdi qosıp, gápler qurań.

Traktorshı. Oqıwshı. Shıpaker.
(kitap oqıydı), (awırıwdı emleydi), (jer súredi).

Zattıń atın bildiretuǵın sózlerdiń astın bir, háreketti bildiretuǵın sózlerdiń astın eki sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**3-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózdi qoyıp jazıń.

Sıyır .... At .... Túye .... Hákke .... Ǵaz .... Qoy .... Ǵarǵa .... Búlbúl ....

**Kerekli sózler:** kisneydi, ǵaqıldaydı, sayraydı, bozlaydı, shıqılıqlaydı mańıraydı, móńireydi, ǵańqıldaydı.

**Úlgi:** Sıyır móńireydi.

**Ne qıladı?** sorawına juwap beretuǵın sózlerdiń astın sızıń.

**4-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına zatlardıń háreketin bildiretuǵın sózlerdi qoyıp, kóshirip jazıń.

Qus ushadı. Iyt .... Qurbaqa .... Qurt .... Qoyan .... Qoy .... Úyrek ....

**Kerekli sózler:** sekiredi, úredi, juwıradı, qıbırlaydı, júzedi, mańıraydı.

**5-shınıǵıw.** Tómendegi sózler qanday zattıń háreketin bildire aladı? Olardıń aldına



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

janlı janıwarlardıń atların qoyıp, birneshe gáp dúziń.

Ushadı, júzedi, esitedi, júredi, tebedi, juwıradı, úredi, mırıldaydı.

**Úlgi:** Úyrek penen ǵaz júredi hám júzedi.

**6-shınıǵıw.** Zatlardıń háreketin bildiretuǵın sózlerdi qosıp, gáp qurań. Hárbir sózdi qanday zatlardıń atı menen birge aytıwǵa boladı?

Jazdı, soradı, kórdim, otır, júr, júzdi, saǵındı, quwandı, oyladı, kúldi, atır, jorǵaladı, awnadı.

**Úlgi:** Oqıwshı jazıw jazdı. Torǵay aǵashqa qonıp otır.

**7-shınıǵıw.** Sorawlarǵa juwap jazıń.

Temirshi (ne isleydi?) ... .
Traktorshı (ne isleydi?) ... .
Suwshı (ne isleydi?) ... .



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Etikshi (ne isleydi?) ... .
Sıbawshı (ne isleydi?) ... .

**Kerekli sózler:** tigedi, soǵadı, aydaydı, sıbaydı, suwǵaradı.

**Úlgi:** Suwshı jer suwǵaradı.

**Kim?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdiń astın bir, **ne isleydi?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdiń astın eki sızıń.

**8-shınıǵıw.** Qawsırmadaǵı sózlerdiń qaysısın qaysı sóz benen qosıp aytıwǵa boladı? Aytıń.

Búlbúl ... . Torǵay ... . Qurbaqa ... . Ǵarǵa ... . Buzaw ... . At ... . Qar ... . Samal ... .

(baqıldaydı, shırıldaydı, esedi, sayraydı, ǵańqıldaydı, mórireydi, jawadı, kisneydi).

Ózlerińiz bul sózlerdi qurap, qısqa diktant jazıń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**9-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń.

1. Qattı samal **esti**. 2. Jawın **jawdı**. 3. Qalamızǵa poezd **keldi**. 4. Adamlar jumıstan **qayttı**.

1. Qara hárip penen jazılǵan sózler qanday sorawǵa juwap beredi, ol qanday máni bildiredi?
2. Adamlar tuwralı ne aytılǵan?

**10-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıń.

Gúzde úyrek penen ǵazlar jıllı jaqqa **ushıp ketedi**. Olar ol jerde qalıń qopalıqqa uya **saladı**. Bul jerde ǵazlar menen úyreklerdiń bolmawınıń sebebi, qısta suw **qatıp qaladı**. Qar **jawadı**, suwıq **boladı**.

1. Gáplerdi kóshirip jazıń.
2. Qara hárip penen jazılǵan sózlerge soraw qoyıń.
3. Ol sózler neniń háreketin bildirip tur?

**11-shınıǵıw.** Oqıp shıǵıń.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Atabay ornınan turadı, juwınadı, kiyinedi, awqatlanadı, mektepke ketedi, oqıydı, jazadı, esaplaydı, súwret saladı, sabaǵın tayarlaydı, anasına járdem beredi.

**Úlgi:** Azanda Atabay ornınan erte turadı. Kúndiz mektepte oqıydı.

1. Úlgige qarap Atabaydıń ne isleytuǵını haqqında tártibi menen birneshe gáp qurap jazıń.
2. **Ne isledi?** degen sorawǵa juwap beretuǵın sózlerdiń astın sızıń.
3. **Atabay** sózine qanday soraw qoyamız?
4. Sizler hár kúni azanda, kúndiz, keshte ne isleysiz? Aytıp beriń.

**12-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Traktorshılar jumısqa **bardı**. Olar traktorların **ońladı**. Traktorshılar jumıstı jaqsı **isledi**. Olar kúnlik is jobaların **asırıp orınladı**.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qara hárip penen jazılǵan sózler kimlerdiń is-háreketin bildirip tur? Olarǵa qanday sorawlar qoyamız?

**13-shınıǵıw.** Súwretlerge qarap, sorawlarǵa juwap beriń.








Qálem menen (ne qıladı?) ... .
Bel menen (ne isleydi?) ... .



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Pıshaq penen (ne qıladı?) ... .
Iyne menen (ne qıladı?) ... .
Pıshqı menen (ne isleydi?) ... .
Balta menen (ne isleydi?) ... .

**Kerekli sózler:** qazadı, shabadı, tigedi, jazadı, qırqadı, kesedi.

**Úlgi:** Qálem menen jazadı.

**14-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıp shıǵıń.

Watan qorǵawshıları elimizdi dushpanlardan qorǵaydı. Xalqımız óz Watan qorǵawshıların jaqsı kóredi. Sebebi, olar xalqımızdıń baxıtlı ómirin saqlaydı. Biziń mektebimizde Watan qorǵawshıları tuwralı gazetalar shıǵarıladı.

**Er jigit eli ushın tuwıladı.**

Naqıldıń mazmunın túsinip alıń.

**15-shınıǵıw.** 85-bettegi súwretke qarap, sorawlarǵa juwap beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



1. Súwrette kimlerdi hám nelerdi kórip tursız?
2. Roza ne islep atır?
3. Baxıt ne alıp kiyatır?
4. Jumagúl ne islep atır?
5. Balalar qayda barǵan edi?
6. Tawıqlar ne qılıp atır?
7. Sizler tawıq fermaǵa sayaxatqa bardıńız ba?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**16-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına mánisine qaray qawsırma ishindegi sózlerdiń tiyislisin qoyıp, kóshirip jazıń.

1. ... malları **ósip atır**. 2. ... egiz **tuwdı**. 3. ... bir ılaq **tuwdı**. 4. ... **baslandı**. 5. ... samal **esip tur**. 6. ... menen jer **súredi**. 7. ... kúnleri baǵda kóp **bolaman**. 8. Baǵdıń ... salqın. 9. Mende ... kitap bar. Men olardı ... **uslayman**.

(fermanıń, qoy, eshki, jaz, salqın, jaz, traktor, ishi, kóp, kútip).

1. Qara hárip penen jazılǵan sózlerge soraw qoyıń.
2. **Ferma, eshki** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

**17-shınıǵıw.** Tómendegi gáplerdi soraw-juwap túrinde oqıp shıǵıń.

— Jipten ne islenedi?
— Jipten gezleme toqıladı.
— Kapustadan ne islenedi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Kapustadan awqat tayarlanadı.
— Jerde ne ósedi?
— Jerde paxta, salı ósedi.
— Jerde jáne ne ósedi?
— Jerde qawın, ǵarbız, geshir, piyaz ósedi.
— Paxtadan ne islenedi?
— Paxtadan jip iyiriledi.

**18-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, gáplerdi kóshiriń.

1. Genjemuratqa apası dúkánnan tórt dápter .... . 2. Meniń súwret salatuǵın eki dápterim bar. 3. Biziń klasta jigirma bes oqıwshı .... . 4. Olardıń hámmesi de sabaqlarınan jaqsı .... . 5. Bul oqıwshılardıń barlıǵı tártipli, bir-birine dos.

**Kerekli sózler:** ákelip berdi, oqıydı, úlgeredi.

Kóp noqattıń ornına qoyılǵan sózlerge sorawlar qoyıń.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# § 21. Tákirarlaw ushın sorawlar hám shınıǵıwlar

1. Zatlardıń atın bildiretuǵın sózlerge qanday sorawlar qoyıladı?
2. Zatlardıń atın bildiretuǵın sózlerge birneshe mısallar aytıń.
3. Adam atlarına qanday soraw qoyıladı? Mısal keltiriń.
4. Adam atları qanday háripten baslanıp jazıladı?
5. Jer-suw atları-she?
6. Zatlardıń kelbetin qanday sózler bildiredi? Mısal ayt. Olardıń sorawın aytıń.
7. Zatlardıń sanın bildiretuǵın sózlerge mısallar keltiriń.
8. Zattıń háreketin bildiretuǵın sózlerge qanday sorawlar qoyıladı?
9. Qanday sózler zatlardıń háreketin bildiredi? Mısallar aytıń.

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshirip jazıń.

Báhár **baslandı**. Jıllı samal **esti**. Kún **jılıdı**. Jawın **jawdı**.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qara hárip penen jazılǵan sózler qanday sorawǵa juwap beredi?

**2-shınıǵıw.** Maqaldı oqıń.

**Mákke** tap ta malǵa ber,
Malıń semiz boladı.
**Arpa** tap ta atqa ber,
Atıń semiz boladı.

1. Qara hárip penen jazılǵan sózlerge sorawlar qoyıń.
2. **Mákke** sóziniń jazılıwın bilip alıń.

**3-shınıǵıw.** Dáslep úy haywanlarınıń, onnan soń jabayı haywanlardıń atın jazıń.

On túye, eliw qoy, eki qasqır, bir iyt, úsh túlki, tórt pıshıq, bes at, on bir sıyır, altı arıslan, úsh qozı.

1. Haywanlardıń sanın bildirip turǵan sózlerdi aytıń.
2. Bul sózlerge qanday sorawlar qoyamız?



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**4-shınıǵıw.** Súwretke qarań. Bul súwrette kimlerdi kórip tursız? Olar ne qılıp atır? Sóylep beriń.



**5-shınıǵıw.** Jumbaqtı oqıp shıǵıp, sheshimin tabıń.



Jalpaq tabanlı,
Shólge shıdamlı.
Ózi de úlken,
Alshańlap júrgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jumbaqtı kóshirip jazıp, zattıń kelbetin bildirip turǵan sózlerdiń astın sızıń.

**6-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıń.

Genjebaydıń Marat hám Baxıt degen eki joldası bar. Olardıń úshewi de birinshi klasta oqıydı.

Muǵallim sabaqta olarǵa — fabrika, zavod, mektep, ferma, Shımbay sózleriniń hárbirine bir gáp jazıp keliwdi tapsırdı.

Genjebay tapsırmanı orınlay almadı. Ol erteńine mektepke keldi. Ol joldaslarınan tapsırmanı orınlawǵa járdem beriwdi soradı.

Marat oǵan dápterin berip:

— Má, kóshirip jazıp ala ǵoy, — dedi.

Sadıq bunı esitip:

— Genjebay, kóshirip alma. Eń jaqsısı, men saǵan túsindireyin, — dedi.

1. Gúrrińdegi adam atların aytıp beriń.
2. Balalar, oylap kóriń, kim durıs is qıldı? Aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## § 22. Gáp hám baylanıslı sóylew

**1-shınıǵıw.** Qawsırmanıń ishindegi kóp noqattıń ornına tiyisli sorawların tawıp qoyıń. Gáplerdi kóshirip jazıń.

Bizler mekteptiń baǵına (...) bardıq. Baǵda miywe aǵashlar (...) ósip tur. Bizler gúbelek (...) usladıq. Terektiń (...) sayasında dem aldıq. Kórgenimizdi ata-anamızǵa (...) aytıp berdik.

**Tiyisli sorawlar:** ne? neniń? qayda? neler? kimge?

**2-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshiriń.

Jerge kók shópler shıqtı. Tereklerdiń japıraqları bórtti. Quslar ushıp keldi. Jerler súrildi. Paxta hám salı egildi.

1. Hárbir gáp ne haqqında aytılǵan?
2. Gáptegi sózler bólek jazılǵan ba, qosılıp jazılǵan ba?



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**3-shınıǵıw.** Gúrrińdi oqıń.

Bizler demalıs kúni mektepke jıynaldıq. Terek egiletuǵın jerlerdi tazaladıq. Joqarı klass oqıwshıları shuqanaqlar qazdı. Bizler shuqanaqlarǵa náller ektik. Muǵallim bizlerge raxmet ayttı.

1. Hárbir gápte neshe sóz bar?
2. Hárbir gáp kim, ne haqqında aytılǵan?

**4-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp, sorawlarǵa juwap beriń.

Úyrek júzedi. Oqıwshılar mektepte oqıydı. Polat xat jazdı.

1. Úyrek ne qıladı?
2. Oqıwshılar qayda oqıydı?
3. Polat ne qıldı?

**5-shınıǵıw.** Oqıń. Gáptegi sózlerge soraw qoyıń, olardıń óz ara baylanısın tabıń. Onnan soń tómendegi úlgi boyınsha kóshiriń.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Gúlnara buzawǵa ot saldı. 2. Buzaw qoraǵa kirdi. 3. Sapar buzawdı bayladı. 4. Ospan kitap ákeldi.

**Úlgi:** Ospan ne qıldı? Ospan ákeldi. Ne ákeldi? Kitap ákeldi.

**6-shınıǵıw.** Gáplerdegi sorawlar qaysı sózge tiyisli ekenligin aytıp beriń.

Quyash jerdi ısıttı. Samal (ne qıldı?) esti. Etikshi etik (ne?) tikti. Suwshı jer (ne qıladı?) suwǵaradı. Balıqshı (kim?) balıq awladı. Shımshıqlar terekke (nege?) qondı.

**7-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdi mánisine qarap, óz ornına qoyıp, gáp qurań.

1. Qosıq, aytıwdı, men, jaqsı kóremen.
2. Sulıw, Nókiste, salındı, jaylar.
3. Balalar, baqshası, awılda, bar.

**Úlgi:** Awılda balalar baqshası bar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**8-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp kóshiriń.

Qattı ... esti. Aspandı ... bastı. ... jawdı. Kóp uzamay ... ashıldı. ... dalada oynadıq. ... úyge keldim.

**Kerekli sózler:** kún, bult, men, bizler, jawın, samal.

1. Hárbir gáp ne tuwralı aytılǵan?
2. Hárbir gápte neshe sóz bar ekenin aytıp beriń.

**9-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına mánisine qaray sóz tawıp, kóshirip jazıń.

Oqıwshılar ... ketti. Oqıwshılar ... keldi. Aǵam ... ketti. Aǵam ... keldi. Apam ... bardı. Apam ... keldi.

**Úlgi:** Oqıwshılar sayaxatqa ketti. Oqıwshılar sayaxattan keldi.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kóp noqattıń ornına tawıp jazǵan sózlerińizge sorawlar qoyıń.

**10-shınıǵıw.** Berilgen súwretke qarap, sorawlarǵa juwap beriń.

1. Tamara ne quwıp júr?
2. Azamat penen Salamat ne islep atır?
3. Oqıwshılar nege qarap tur?



**11-shınıǵıw.** Berilgen sózlerden gápler qurap jazıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Azamat, kombayn, traktor, salı, tasıydı, oradı, súredi, aytadı, jer, júk, paroxod, qosıq.

**Úlgi:** Azamat qosıq aytadı.

**Kombayn** sóziniń jazılıwın bilip alıń.

**12-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdiń mánisine qarap gáp qurań. Gáplerdegi sózlerdiń baylanısın anıqlań.

Paxta, bórtti, keldi, júweri, egildi, quslar, terekler, kógerdi.

**13-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına mánisine qaray tiyisli sózlerdi qoyıp, gáplerdi kóshiriń.

Bizler (nege?) ... mindik. Avtobustıń ishi (qanday?) ... eken. Aǵam meni balıq zavodına (ne qıldı?) ... . Aǵam menen (qayda?) ... qıdırıp qayttıq. Moynaqta sulıw (neler?) ... bar.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kerekli sózler:** taza, avtobusqa, jaylar, alıp bardı, Moynaqqa.

**14-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerden gáp qurań hám olardıń óz ara baylanısın aytıp beriń.

Qoraz, úyrek, samolyot, shaqıradı, búl-búl, júzedi, ushadı, sayraydı.

## § 23. Noqat, soraw hám úndew belgisi

**1-shınıǵıw.** Berilgen gáplerdi dawıslap oqıń. Hárbir gápten keyin qanday belgi qoyılǵanın aytıń.

Bizler sabaqtan jaqsı oqıymız. Klasımız jıllı hám jaqsı. Oqıwdan keyin dem alamız. Úyde sabaq tayarlaymız.

Xabar mánisin bildiretuǵın gáptiń aqırına **noqat** (.) qoyıladı.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshiriń. Hárbir gápten keyin noqat qoyıń. Noqattan keyingi gáptiń birinshi háribin bas háripten baslap jazıń.

Salı suwda ósedi salı paydalı egin salıdan gúrish alınadı gúrishten hár túrli awqatlar tayarlanadı salınıń sabanınan qaǵaz islewge boladı biziń respublikamızda salı egetuǵın xojalıqlar kóp hár jılı salıdan mol zúráát alınadı.

1. Bunda neshe gáp bar?
2. Hárbir gáp ne tuwralı aytılǵan?

**3-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına tiyisli sózlerdi qoyıp, kóshirip jazıń.

Biziń qalanıń kóshelerinen júk tasıwshı mashinalar, jeńil avtomobiller hám avtobuslar ... qalada mashinalar kóbeygen sayın, olar sonsha tez ... kóshede júriw qádelerin buzıwǵa ... kóshede piyada júrgende soqpaqtan ... kósheden óterde



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«ótiw orní» dep jazılǵan jerden ... avtobusqa mingende artqı esiginen ... túskende aldıńǵı esiginen ... .

**Kerekli sózler:** júredi, qatnaydı, júriń, bolmaydı, ótiń, túsiń, miniń.

1. Hárbir gápten keyin noqat qoyıwdı umıtpań.
2. Noqattan keyingi gáptiń birinshi háribin bas hárip penen jazıń.
3. **Avtomobil, avtobus** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.
4. Bul sózlerdi sózlik dápterińizge jazıń.

**4-shınıǵıw.** Dawıslap oqıń. Gáptiń keynine qanday belgi qoyılǵanın aytıń.

Aspandı bult qapladı. Jawın jawdı. Kún jarqırap ashıldı.

— Sizler qayda bardıńız?
— Kinoǵa bardıq.
— Mektepte ne boldı?
— Ata-analar jıynalısı boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Soraw mánisin bildiretuǵın gáptiń aqırına **soraw belgisi** (?) qoyıladı.

**5-shınıǵıw.** Tómendegi soraw mánisin ańlatqan gáplerdi bir oqıwshı, al onıń juwabın ekinshi oqıwshı dawıslap oqıń.

— Sizler azanda saat neshede turasız?
— Bizler azanda saat jetide turamız.
— Mektepke saat neshede barasız?
— Mektepke saat segizde baramız.
— Mektep dógereginde ne ósedi?
— Mektep dógereginde gúl, terekler ósedi.
— Sabaqtan soń ne isleysiz?
— Sabaqtan keyin awqatlanamız, dem alamız, sabaq tayarlaymız, oynaymız, ata-anamızǵa járdem beremiz.

**6-shınıǵıw.** Gáplerdi dawıslap oqıń. Úndew belgisi qoyılǵan gáplerdi aytıp beriń.

Azanda erte turıp juwınıń. Aldı menen qoldı tazalap juwıw kerek. Onnan soń



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

betti, moyındı juwıwdı esten shıǵarmań. Tis shyotkası menen tislerińizdi kúnde tazalap turıń! Juwınǵannan keyin taza súlgi menen deneńizdi jaqsılap súrtiń! Shash, tırnaqlarıńızdı ósirmey, waqtında alıp turıwdı ózlerińizge ádet etip alıń.

**7-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshirip jazıń.

1. Seniń qanday oqıw qurallarıń bar?
2. Meniń ana tili, matematika, oqıw kitaplarım bar.

1. Birinshi gáp qanday máni bildirip tur, onıń keynine qanday belgi qoyılǵan?
2. Ekinshi gáp qanday máni bildirip tur, onıń keynine qanday belgi qoyılǵan?

**8-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń.

Xalıqlar doslıǵı bekkemlensin!
Oqıwshılar, miynetti súyińiz!

Quwanıshtı, buyırıwdı bildiretuǵın gáptiń aqırına **úndew (!)** belgisi qoyıladı.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## § 24. Jıl dawamında úyrenilgen materiallardı tákirarlaw

**1-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıń.

Oqıw jılı tamamlanıw aldında. Bizler jıl dawamında sabaqtan sebepsiz qalmadıq. Berilgen tapsırmalardı óz waqtında orınladıq. Sonlıqtan, bizlerdi úlgili oqıwshılar dep ataydı.

1. Oqıwshılar tuwralı ne aytılǵan?
2. Hárbir gáp neshe sózden quralǵan?
3. Gáplerdiń birinshi sóziniń dáslepki háribi qanday háripten baslanıp jazılǵan?
4. Gáptegi sózler bólek jazılǵan ba, yamasa qosılıp jazılǵan ba?

**2-shınıǵıw.** Sózlerdi kóshirip jazıń. Hárbir sózdi bir-birinen ajıratıp turǵan háriplerdiń astın sızıń.

At—ot, al—ol, bol—ból, bóz—biz, bel—bil. Qar—shar, górek—gúrek, qara — tara, etek — etik, terek—tirek.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**3-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshiriń. Juwan dawıslı seslerdiń astın bir, jińishke dawıslı seslerdiń astın eki sızıń.

Azat sabaǵınan jaqsı oqıydı. Ol azanda erte turadı. Onıń Úsen degen úkesi bar. Úkesin balalar baqshasına alıp baradı.

**4-shınıǵıw.** Sózlerdi oqıń. **O** hám **ó** seslerinıń sózdiń qaysı buwınlarında jazılǵanın aytıp beriń.

1. Oraqbay, Ótegen, Omar, Oraz, Tórebay. 2. Qol, dos, ol, qońız, bol. 3. Sóz, kóz, óz, sóyle, kór, kómek.

**5-shınıǵıw.** Gáplerdi kóshiriń.

Gúlparshın biziń awılǵa qıdırıp keldi. Ol xojalıq baǵına bardı. Baǵda gúller ósip tur. Bizler gúllerge suw quydıq. Xojalıǵımız hár jılı úlken tabıslarǵa erisip kiyatır.

**U** hám **ú** háripleri bar sózlerdiń astın sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**6-shınıǵıw.** Gáplerdegi kóp noqattıń ornına tiyisli háripti qoyıp kóshiriń.

Keshe D...wletbay aǵasına x...t jazdı. Men dostıma xat j...zdım. D...rigúl sen de qız apańa xat jaz. Dárigúl D...megúl menen bir klast... oqıydı. Olar ...depli oqıwshılar.

**A** hám **á** háripleri qaysı sózlerde kelgenligin aytıp beriń.

**7-shınıǵıw.** Sózlerdi buwınǵa bólip kóshiriń. Sózlerdi bir qatardan ekinshi qatarǵa ótkermelewge bolatuǵın jerine **defis** (-) qoyıp kóshirip jazıń.

Balta, oraq, ketpen, qazıq, eshki, qozı, ılaq, tawıq, paxta, salı, alma, kapusta.

**8-shınıǵıw.** Tómende berilgen sózlerdiń hárqaysısın bir gáptiń ishinde keltirip jazıń.

Suw, súwret, suwıq, oqıw, júriw, Quwanısh, júweri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**9-shınıǵıw.** Tómendegi sózlerdi alfavit tártibi menen aytıp beriń.

Balıq, adam, áynek, geshir, salı, ǵaz, etik, qálem, dápter, paxta, kitap.

**10-shınıǵıw.** Kóp noqattıń ornına adam atların qoyıp, kóshirip jazıń.

... Genjemurat penen birge oqıydı. Ekewiniń úyi bir jerde. ... apası ... qálem satıp alıp berdi. ... menen ... birge otırıp súwret saldı.

Adam atlarına soraw qoyıń.

**11-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıń.

Biyik jay. Íssı awqat. Ádepli bala. Qızıqlı kitap. On bes bala. Altı dápter. Segiz qawın. Jigirma bes oqıwshı.

Zatlardıń kelbetin hám sanın bildiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**12-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıp, háreketlerdi bildiretuǵın sózlerdi aytıp beriń.

At kisneydi. Búlbúl sayraydı. Qoy mańıraydı. Qoraz shaqıradı. Pıshıq miyawlaydı. Qırǵawıl ushadı. Balıq júzedi. Qoyan sekiredi. Órmekshi órmeleydi.

1. Háreketti bildiretuǵın sózlerge qanday sorawlar qoyamız?
2. **Búlbúl, órmekshi** sózleriniń jazılıwın bilip alıń.

**13-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıp, ondaǵı sózlerdiń óz ara baylanısın aytıń.

Sabaqtan keshikpeń. Klasqa muǵallimnen burın kiriń. Tánepiste klasta hám dálizde juwırmań. Shawqım salıp baqırmań. Partalarǵa sızbań. Jaydıń diywallarına, qapılarına jazbań. Ílas ayaǵıńız benen mektepke kirmeń. Stollarǵa hám partalarǵa minbeń.

**14-shınıǵıw.** Gáplerdi oqıp shıǵıp, mazmunın túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bıyılǵı oqıw jılı da tabıslı tamamlanıw aldında. Mine, bizler bir jıl dawamında mektepte bilim hám tárbiya aldıq, jazıwdı, oqıwdı úyrendik. Ana tili hám oqıw kitaplarında berilgen bilim sırların puqta ózlestirip aldıq, qansha doslar arttırdıq.

Gáplerdegi juwan hám jińishke dawıslı seslerdi aytıp beriń.

**15-shınıǵıw.** Tómende berilgen qosıqtı dawıslap oqıp shıǵıń.

## BAǴ

Jol boyında bir baǵ bar,
Ózi sulıw, ózi jas.
Onıń hárbir túbine,
Sińgen jaslıq, zor ıqlas.

Aralasań baǵ ishin,
Erik, shabdal, alma bar.
**Miywelerdiń basqa da,**
Túrli sortı tabılar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qumarlanıp isledi,
Balalardıń hárbiri.
**Kimniń qaysı miyweni,**
Ósirgeni belgili.

*J. Dilmuratov*

1. Qosıqtıń mazmunın aytıp beriń.
2. Qara hárip penen jazılǵan sózlerde neshe buwın bar, aytıń.
3. Bir buwında neshe dawıslı ses boladı, aytıń.

**16-shınıǵıw.** Gáplerdegi zattıń sanın hám háreketin bildirgen sózlerdi kóshirip jazıń.

Kitap, qaǵaz, parta, kese, úsh, bólme, bes oqıwshı, úsh qozı, juwındı, kiyindi, oqıtadı, shıra, shıpaker, jandı, emleydi.

**Kitap, taza, segiz, úyrendi** sózleriniń hárbirine baylanıslı bir gáp qurap jazıń.

**Úlgi:** Kitap—bilim negizi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**17-shınıǵıw.** Qosıqtı oqıp shıǵıń.

## QUMÍRÍ

Moynı jalt-jult etedi,
Ózi sulıw oǵırı.
Áste ushıp ketedi,
Qus sulıwı qumırı.

**Dándi shashsa olarǵa,**
**Ushıp keler qumırı.**
Biziń úydiń aldında,
Óter hár kún ómiri.

*Z. Ishmanova.*

1. Qosıqtıń mazmunın aytıp beriń.
2. Qosıqtıń hárbir qatarı qanday háripten baslanıp jazılǵan, túsindiriń.
3. Qara hárip penen jazılǵan qatarlardıń hárbirinde neshe sóz bar? Aytıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

§ 1. Gáp, sóz ........................................................................3
§ 2. Ses hám hárip .............................................................. 9
§ 3. Dawıslı hám dawıssız sesler ............................... 14
§ 4. Juwan hám jińishke dawıslı sesler ...................... 19
§ 5. Buwın .................................................................... 23
§ 6. Ótkerme .................................................................. 27
§ 7. A hám Á háripleriniń jazılıwı................................ 30
§ 8. O hám Ó háripleriniń jazılıwı............................... 33
§ 9. U hám Ú háripleriniń jazılıwı ............................... 37
§ 10. Í hám I háripleriniń jazılıwı.................................. 41
§ 11. E háribiniń jazılıwı. .............................................. 43
§ 12. Alfavit ................................................................... 46
§ 13. Tákirarlaw ushın sorawlar hám shınıǵıwlar ........................................................50
§ 14. Sóz haqqında túsinik ............................................ 53
§ 15. Zattıń atın bildiretuǵın sózler ............................... 57
§ 16. Adam atlarınıń jazılıwı.......................................... 62
§ 17. Qala hám jer-suw atlarınıń jazılıwı........................ 64
§ 18. Zattıń kelbetin bildiretuǵın sózler ......................... 67
§ 19. Zattıń sanın bildiretuǵın sózler............................. 73
§ 20. Zattıń háreketin bildiretuǵın sózler. ...................... 76
§ 21. Tákirarlaw ushın sorawlar hám shınıǵıwlar.......................................................88
§ 22. Gáp hám baylanıslı sóylew....................................92
§ 23. Noqat, soraw hám úndew belgisi. .........................98
§ 24. Jıl dawamında úyrenilgen materiallardı tákirarlaw ....................................................... 103



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Baymurat Qutlımuratov,

Gúlsara Qutlımuratova

# ANA TILI

GRAMMATIKA, ORFOGRAFIYA HÁM TIL ÓSIRIW

1-klass ushın sabaqlıq

Qayta islengen jigirma birinshi basılımı

«Bilim» baspası
Nókis — 2019

Redaktorı *S. Baynazarova*
Xudojnigi *K.Reypnazarov, A.Ametov*
Kórk. redaktorı *I.Serjanov*
Tex. redaktorı *B.Turımbetov*
Operator *N. Saukieva*

Licenziya: AI № 108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 01.02.2019-jıl. Ofset qaǵazı. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$. «Pragmatika» garniturası. Kegl 18. Ofset usılında basıldı. Kólemi 7,0 baspa tabaq. 7,89 shártli baspa tabaq. 7,97 esap baspa tabaq. Nusqası 13777 dana. Buyırtpa №

Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.uz

«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı
Málimleme hám ǵalaba kommunikaciya agentligi
«Sharq» baspa-poligrafiyalıq akcionerlik kompaniyası baspaxanası,
100000, Tashkent qalası, Buyuk Turan kóshesi, 41

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE